Ndax dinaa fay ci ñakku gi walla sumay def wisit ci bërebu fajukaay yi?

Deedet. Sa asiiraans mokoy fay, waaye amul benn fere buñulay laac ci lu jëm ci waccin bi.

Ndax xibaar yimay joxe te mu aju ci màn danañ mako sàammal?

Xibaar yingay joxe te mu aju ci yaw suturë la te dinañ lako sàamal. Xibaar yi àm solo yi ci yaw (lu mel ni sa tur, finga dëkk, sa numero telefon, bes binga judd, sa xeet, sa waasoo, bes binga ñakoo, ban ñakk nga ñakkoo) dinañ ko yonnee Serwiis bi saytu wallu wergi yaram ak wallu feebaru xel ci Dëkkup New York (Serwiisu Wergi yaram bu NYC) kom niko yoon sakkoo.

Nomay def suma amee yeneeni laac?

Man nga woo sa doktoor walla **311**.

Fàn laa mana ame yeneeni leeral?

Serwiisu Wergi yaram bu NYC:
nyc.gov/covidvaccine

Serwiisu Wergi yaram bu Dëkkup New York:
covid19vaccine.health.ny.gov

CDC:
cdc.gov/covidvaccine

NYC Health

Serwiisu Wergi yaram bu NYC mannaa amal ay copite sukkëndiko ko ci situasion bi. **3.8.21**

Linga wara xam gannaaw binga jëlee ñakku waccin COVID-19 Pfizer-BioNTech

NYC VACCINE FOR ALL:
SAFE, FREE, EASY

nyc.gov/covidvaccine

Balangaa juge ci bërëbu ñakku bi:

- Bufekkee ni mooy sa ñakku bu njëkk, nanga jël rendez-vous ngir jël beneen ñakk. Dangaa wara ñakkuwaat bërëb binga jëlee sa ñakk bu njëkk. Danga wara jël sa ñaareelu rendez-vous ci digëlnte 21 ba 42 fàn gannaaw banga jëllee ñakku bu njëkk.
- Nanga fexe ba àm kaartu ñakku. Dana wane ban waccin nga jël ak kañ ngako jël. Booy jël sa ñaareelu rendez-vous ñakku nanga ko yobaale tañu bind ci ni jël nga ñaari ñakk yepu.

Lan mooy efee segondeeru waccin bi?

Efee segondeer ci gënë siiw mooy metiitu loxo ci fiñu la ñakk, bppu buy meti, metiitu yaram, coono ak yaram wu tàng. Efee segondeer yi ñingi gënë feeñ ci ñaareelu ñakku bi, te gënë néew ci ñi gënë mage. Efee segondeer yi dañuy faral di:

- Digg doomu ba wayaf
- Tàmbaleel ci ñetti fàn yi ganaaw ñakku gi (fàn bici njëkk moo gënë baax)
- Lu jege benn wala ñaari fàn gannaaw biñu tàmbalee

Làn laay def suma amee ay efee segondeer?

Nanga woo kilay facc bu fekkee ni dangaa àm ay efee segondeer bu koontinee gannaaw ay bés, walla bu fekkee ni fiñula pikiiroon dafa gënë dereetal walla bu metiit bi yookoo ganaaw 24 waxtu. Waxtaanal ak sa jaay katu garabu doktoor, lu melni acétaminophène (Tylenol) walla ibuprofène (Advil).

Jëlël sa ñaareel ñakku doonte danga àm ay efee segondeer, ludul ni sa doktoor daflaa tere nga def ko.

Nanga wane efee segondeer ci sa aplikasion telefoon V-sage bu Sàntar bu Kontrol ak Fagaru ci Feebar yi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC). Bo bëggee àm ay leeral ak enristere app bi, demal ci siit bii **vsafe.cdc.gov**. Man nga wane tamit efee segondeer ci Sisteem biñuy xamlee efee segondeeru waccin (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS), te ñikoy saytu di CDC ak Serwiis biy saytu wallu garabu doktoor yi ak lekk yi. Man nañoo def Rapoor yi ci **vaers.hhs.gov/reportevent.html** walla nga woote ci 800-822-7967. Xibaar yingay jottali dafa wara nekk lu àndak sutura.

Danx bo jë waccin bi man ngasee àm xel mu teey?

Xel yu teey yi lu neew lay àm te ñingi àm luci ëppu ci ay simili jëm ci benn waxtu gannaaw banga jëlee ñakku bi. Liy wane aleersi bu graaw moy ay jafejafey noyyi, kanam gu newwi ak baat bu newwi, dënn bu tëf tëfi, yaram wuy xasen, yaram wu tàng ak coono. Bo yaakaaree ni dangaa àm aleersi bu graaw, wooteel ci call **911** walla nga dem ci hopitaal bila gënë jege.

Ndax waccin bima jël ci sama ñakku bu njëk moom laa wara jël ci sama ñaareel ñakk?

Waaw. Bu fekkeeni danga jël waccin Pfizer ci sa ñakk bu njëk, waccin Pfizer nga wara jël ci sa ñaareelu ñakk.

Nàn laay def sumako manula amaat ci sama ñaareelu rendez-vous?

Kon dangaa wara jëlaat rendez-vous ci lumu gënë gaaw apare. Jëlël sa ñaareelu ñakk ndax amul solo diir binga took gannaaw binga jëlee bu njëkk bi.

Kañ la waccin bi di tàmbali di àm njariñ?

Doonte man nga àm lenn ci kaarange gannaaw banga jëlee ñakku gu njëkk. Doo àm kaaraange gu mat ci waccin bi ludul ci ñaari ay bes gannaaw banga jëlee ñaareelu ñakk.

Ndax mannaa biyyi di jël ay matuwaayu COVID-19 gannaaw bama jëlee ñakku gi?

Deedet. Dangaa wara wéey di jël say matuwaay gannaaw banga jëlee ñakku gi:

- Toogal sa kër bo feebaree.
- Soreel ak nit ñi lu tollook 6 pie.
- Nanga tàkk mask.
- Raxasal say yoxo tangay diwoo seel.

Kom xam naañ ni waccin Pfizer dafay aar nit ñi ci mbas mii di COVID-19, dañoo wara xam ci ban diir lay aare ak ndax waccin bi dina dakkal wallante gi.